


**ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Сурх-Дигори цæргутæй рандæй 669 адæймаги. Фулдæр, уой дæр айдагъ нæлгоймæгтæ нæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Аци гъæуи тугъдонтæй 322, сæ фулдæр хуæрз æригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй гъæуи дзиллæ син ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци номерæн циртдзæвæн...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№6 (787) 2021 анзи 26 февраль – комахсæни мæйæ


МАМУКЪАТИ Хъазбег

## ФИНСТÆГ МÆХЕМÆ

*Ниффинстон æз кæддæр...*
*Ниффинстон –*
*уодæй-уодмæ –*
*федæни уорсрехæ зæрондмæ –*
*мæхемæ –*
*финстæг.*
*Дзиназтон:*
*ду мæ тог дæ, ме 'стæг,*
*ба мæ дæмæ –*
*къусуй,*
*æнæгъомбæл цъæдæхи!*
*Курдтон:*
*ба мин дзорæ мæ гъоси,*
*ме 'нахъæл зæрди къуру гъоси*
*дæ уездон,*
*дæ хуæрззæри унаффæ...*
*Ра мин хатæ*
*мæ царди*
*æнæконд, æнæкарст хуми*
*тъаффæ...*
*Ни ммин садзæ, дзурдтон,*
*мæ гурусхи фæсонти*
*дæ тæрхони арист –*
*дууæкомон...*
*Ракъæрт кæнæ*
*де 'дзулди церхъæй*
*мæ иливд, мæ катайти дзæкъолæ...*
*Ис мæ есæ бæрзонд,*
*æр мæ уадзæ ниллæг...*
*Ба мæ хезæ*
*æрмæст*
*æрмидолæй!..*

Искурдиадæгин поэт, публицист æма тæлмацгæнæг Мамукъати Геуæргий фурт Хъазбегбæл æрæги, 15 феврали исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи. Æма ин уой фæдбæл хъæбæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн. Нæ зæрдæ ин зæгъуй, цæмæй æнæнез уа, æ бийнонти, æ кæстæрти цардиуаги хабæрттæй зæрдрохс куд уа, æ исфæлдистади ба никки агъазиаудæр æнтæстдзийнæдтæй куд æскъуæлха æма æскъуæлха!..

(Æрмæгутæ кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл)



**АХСГИАГ ФАРСТА**



## Æ МАДДÆЛОН ÆВЗАГ АЛКÆМÆН ДÆР МАДИ АДÆ КÆНУЙ!..

Æрæги, 21 феврали адтæй маддæлон æвзаги Æхсæнадæмон бон. Цæмæдæр гæсгæ махмæ, Цæгат Иристони, хузæнонæй бæрæггонд не 'рцудæй. Уотемæй ба бæргæ æнгъизтæй – нæ республики ци берæ адæмихæттитæ цæруй, уонæй алкæмæн дæр ес æхе маддæлон æвзаг æма еци бон еумæйаг бæрæгбони фæрæзнæ иссайдæ, еци адæмти 'хсæн кæрæдзей нимайундзийнадæ æма лæдæрундзийнади рахастдзийнæдтæ фæййахедгæдæр кæнуни гъуддаги.

Никки хъæбæрдæр аци бæрæгбони фæдбæл рæстзæрдæй æма цæстуарзон мадзæлттæ аразун гъæуй, уомæн æма нæмæ рæстæгæйрæстæгмæ фæззиннуй уæхæн «зундамонгутæ», кæцитæ исдзурдтаг кæнунцæ нæ рагфидтæлтæй рæстæгути аллихузон бурдæнтæн ниффæразгæй нæмæ ци фæткæ æрбахъæрдтæй, уой райдзастдзийнадæ, гъома, ирон æма дигорон æвзæгти баргъондзийнадæ. Æма гъæуама цийнæ кæнæн, æгайтима догæй-догæмæ æмдзæуинтæ 'нцæ, кæрæдзей сæ федауцæй æнхæст кæнунцæ.

Уогæ еци фарста хецæн дзубандий аккаг æй æма ибæл рæхги æнæмæнгæ бæлвурддæрæй æрдзубанди кæндзинан. Абони ба нæ зæгъуйнæгтæ зæгъæн нæ маддæлон æвзаги туххæй еумæйагæй (æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл).

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

***Паддзахадон программæ «Гъæуун фæзуæтти комплексон райрæзт» нæ республики æнхæст кæнунæн 2020 анзи дехгонд æрцудæй 713 миллион соми. Уой фæрци æртиндæс æма инсæй гъæуеми хузæнонгонд æрцудæнцæ цуппар æма дууинсæй объекти, уой хæццæ ба ма цалцæггонд æрцудæнцæ электрон рохси системитæ, къахнæдтæ, донуадзæнтæ...***

# ЦÆЛКОСТИ Анатолий Урусбийи фурт



Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй нæ республики номдзуддæр лæгтæй еу, Уæрæсей Федераций æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий гъæуун хæдзаради æскъуæлхт косæг, фæллойни ветеран, Цæгат Иристон-Аланий Парламенти раздæри депутат Цæлкости Анатолий Урусбийи фурт.

Цæлкости Анатолий райгурдæй Ирæфи райони Сурх-Дигори гъæуи 1942 анзи. Сахар Саратови экономикон æма гъæуунохæдзарадон институт 1967 анзи каст фæууогæй, косун райдæдта Ирæфи райони Ленинон фæскомцæдеси номбæл совхози. 1973 анзи ба косун райдæдта республикон еугонд «Птицепром»-и сæйраг экономистæй, фæстæдæр ба си нисангонд æрцудæй сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. 1991 анзæй ба æ цари фæстаг бæнтти уæнгæ адтæй Æргом акционерон æхсæнадæ «Племрепродуктор «Михайловский»-и генералон директор. Цæлкости Анатолийæн, куд профессионалон æгъдауæй дæсни æма арæхстгин разамонæг, уотæ бантæстæй берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхун. Уонæн сæ агъазиаудæртæй иссæй е, æма евгъуд æноси уæззау 90-аг æнзти исарæхстæй, еуемæй, кустуат нихгæнунæй багъæуай кæнун æма фæлтæрдгин коллектив æнæ кустæй нæ байзадæй, уой хæццæ ба ма æ арми бафтудæй нæуæг косæн бунæттæ дæр ма райгон кæнун, уæдта кустуат æнæгъæнæйдæр рæстæги домæнтæмæ гæсгæ райаразун, зингæ 'й иснæуæг æма фæгъгъомусгиндæр кæнун. Æма еугур еци æййивддзийнæдтæ хуарзæрдæмæ фæббæрæг æнцæ кустуати архайдбæл – маргъи фидизгъæли рауагъд фæббæрзонддæр æй. Нæ республики фæззиндтæнцæ сæ продукци уæйæгæнæн сæрмагонд бунæттæ.

Цæлкости Анатолийи арæхстгин разамунди фæрци кустуат алкæддæр архайдта аллихузи гъæуунохæдзарадон хуæлци ериcти, равдистити, кæцитæми син лæвæрд æрцæуидæ фиццаг къæпхæни Дипломтæ.

Цæлкости Анатолийи берæанзон æма хъазауатон фæллойнæ паддзахади 'рдигæй æнæргъудийæй нæ байзадæй. Маргъдарæн къæбази кустадæ парахат кæнуни гъуддаги ин ци берæ хуарздзийнæдтæ исаразун æнтæстæй, уой туххæй берæ хæттити хуарзæнхæгонд æрцудæй Уæрæсей хуæлцади еугонди Кади грамотитæй. Цæлкости Анатолий Урусбийи фуртæн лæвæрд æрцудæй майдан «Иристони намусæн», Уæрæсей Федераций профцæдести Комитети уæлдæр хуæрзеуæг «Профцæдесмæ еузæрдиуондзийнадæ».

Цæлкости Анатолий цалдæр хатти æвзурст æрцудæй нæ республики Парламенти депутатæй. Еци ахсгиаг кусти дæр æхе равдиста хъæппæресгинæй, цалдæр хатти бахаста гъæугæ æма ахсгиаг æййивддзийнæдтæ бюджетон закъонæвæрунадæмæ. Куд депутат, уотæ æ еудадзугон архайд гъæугæ уагæбæл аразта паддзахадон æнхæстгæнæг оргæнти хæццæ, æма уой фæрци е 'взаргутæн сæ царди цигъæуæгтæ, райаразуйнаг фарстатæ æнхæст кæнун æ къохи æфтудæй. Уæлдай æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæсбæл æхецæн нимадта тугъди æма фæллойни ветерантæн, берæсувæллонгин æма нæхъæртондзийнæдтæ æййафæг бийнонтæн гуманитарон æгъдауæй агъаз кæнун.

Цæлкости Анатолий, куд æцæг адæймаг, дæсни специалист æма курухон разамонæг, нæ зæрдити æностæмæ цæргæ байзайдзæнæй.

*Маргъдарæн Акционерон Æхсæнадæ «Михайловский»-и коллектив.*

***

*Республикон газет «Дигори» редакций коллектив дæр хъæбæр хъонцгæнгæй тæфирфæс кæнуй Цæлкости Анатолийи бийнонтæн, хæстæгутæн æма берæ æнзти разамунд кæмæн лæвардта, еци коллективæн. Куд нæ Иристони дзиллæй хъæбæр беретæ, уотæ мах, редакций коллектив дæр си уæлдай арфиаг ан, уомæн æма алкæддæр адтæй нæ фарсмæ, æ бон ци адтæй, уомæй агъаз кодта маддæлон æвзагбæл цæуæг мухури фæрæзнитæн. Рохсаг уæд... Æ берæ хуарздзийнæдтæ, æ кадгин рохс ном махæй ирон некæд уодзæнæнцæ...*

**НАЦИОН ПРОЕКТТÆ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ: ÆНТÆСТИТÆ ÆМА ИДАРДДÆРИ КУСТИ НИСАНТÆ**







# РАВГИТÆН СÆ ПАЙДА БÆЛВУРД КУСТÆЙ РАБÆРÆГ УЙ!..

НАЦИОН проекттæ æнхæст кæнун алли регионæн дæр æй æ размæцуди ахсгиаг фæрæзнæ. Еци проекттæ Цæгат Иристони куд æнхæстгонд цæунцæ, æма нæмæ сæ фæлгæти циуавæр регионалон программитæ ес, сæ фæрци республикæ æ хузæ, æ гæнæнтæ куд æййевуй, уой фæдбæл æ фембæлди рæстæг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ дзубанди кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций национ проекттæ æнхæст кæнунбæл дзуапдæттæг управлений разамонæг АТАРАТИ Олег.

– Национ проекттæ цæрди уадзунбæл архайун райдæдтан цалдæр анзей размæ, – баханхæ кодта е æ радзубандий. – Фал бустæги бæлвурд уагæбæл ба æнхæстгонд цæунцæ, Уæрæсей Президенти 2018 анзи майи Указтæ цæрди рауадзунбæл куст ку райеудагъ æй, уæдæй фæстæмæ. Куд зонæн, уотемæй, етæ баст æнцæ Уæрæсей Федераций райрæзти сæйраг национ нисанти хæццæ æма гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ 2024 анзи уæнгæ. Президенти фæдзæхститæмæ гæсгæ Уæрæсей Хецауадæ исфедар кодта фараст национ проекти. Евгъуд анзи июли Президент рауагъта нæуæг Указ, æма си фæббæлвурддæр кодта нæ бæсти размæцуди сæйраг нисантæ. Уотемæй, еци национ проекттæ иссæнцæ 25, сæ инхæст кæнуни æмгъуд ба 2030 анзмæ. Цæгат Иристон дæр архайуй еци проекттæ æнхæст кæнуни гъуддаги.

Зæгъæн, национ проект «Демографи»-мæ гæсгæ нæ республики æнхæстгонд цæунцæ фондз регионалон проекти, се 'хсæн æнцæ, «Фиццаг сувæллон кæмæн райгурдæй, еци бийнонтæн финансон агъаз» æма «Æртиккаг, цуппæрæймаг æма уомæй фулдæр сувæллони кæмæн райгурдæй, уæхæн бийнонтæн финансон агъаз». Фиццаг сувæллон кæмæн райгурдæй, еци бийнонтæ аллимæйон финансон агъаз евгъуд анзи есун райдæдтонцæ 5,5 бийнонтемæй фулдæр; æртиккаг, цуппæрæймаг æма уомæй фулдæр сувæллони кæмæн райгурдæй, æма аллимæйон пособи фист кæмæн цæуй, уæхæн бийнонтæ ба æнцæ 6 минемæй фулдæр.

Нацпроект «Демографи»-й фæлгæти евгъуд анзи нæ республики арæзт æрцудæй 230 сувæллонемæн бунат кæми ес, уæхæн нæуæг рæвдауæндонæ Беслæни æма, республики иннæ районти ка ес, еци рæвдауæндæнттæмæ уæлæнхасæн бæстихæйттæ – цуппар. Атари-фурт куд загъта, уотемæй, аци анз ма арæзт æрцæудзæнæй аст нæуæг рæвдауæндони: дууæ – Дзæуæгигъæуи (сæ дууеми дæр бунат уодзæнæй фæйнæ 280 сувæллонемæн), цуппар ба – республики районти (алли рауæн дæр си бунат уодзæнæй 120 сувæллонемæн).

Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-йи фæлгæти евгъуд анзи республики районти арæзт æрцудæй 36 фельдшерон-акушерон пунктти, æма, Атари-фурти дзубандимæ гæсгæ, сæ еугур дæр æнцæ цæттæ.

– Аци нацпроекти фæлгæти ци регионалон программитæ æнхæстгонд цæунцæ, уонæй еу æй «Онкологон незти нихмæ тох кæнун»-и проект. Æ фæрци республики фæззиндтæй, еугур Цæгат Кавказ нури уæнгæ бал еунæг ка 'й, æма нез рагацау бæрæг кæнун ка зонуй, уæхæн швейцариаг системæ, æма ноябрæй нури уæнгæ лæггадæ кæнуй сæйгитæн. Уомæй уæлдай, хъæбæр берæ куститæ, уой хæццæ, ке зæгъун æй гъæуй, устур хæрзтæ байагурдта Сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдонæ. Евгъуд анзи си еугур куститæ дæр кæронмæ рахъæрдтæнцæ, – загъта Атарати Олег.

Национ проект Ахурадæ»-йи фæлгæти евгъуд анзи арæзт æрцудæй æртæ скъолай Дзæуæгигъæуи (ахурдзаутæн си ес 550 бунати), Мæздæги (500 бунати) æма Цæликки (200 бунати). Евгъуд анзи райдæдтонцæ æма нур сæ тæмæни æнцæ Хъизлар æма Черменигъæуи скъолати арæзтадон куститæ. Черноярски станици ба нæуæг скъола аразун райдайдзæнæнцæ аци анз.

Национ проект «Культурæ» æнхæст кæнгæй, евгъуд анзи арæзт кенæ бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ гъæути Культури хæдзæрттæ – авд, уæдта ма куклати театр «Саби».

– Иннæ национ проект «Цæрæнуæттæ æма горæттаг фæзуат»-æн æ нисан æй цæрæнуттæ фулдæр аразун. Уомæ гæсгæ 2019 анзи Дзæуæгигъæуи 18-аг микрорайони арæзт æрцудæй нæуæг автомобилон над, уæдта, 500 ахурдзауемæн бунат кæми ес, уæхæн нуриккон скъола. «Нæуæг горæт», зæгъæ, ке хонæн, Дзæуæгигъæуи еци районти дæр евгъуд анзи фæззиндтæнцæ нæуæг нæдтæ, донуадзæнти нæуæг хизæг, еугур инженерон инфраструктурити хæццæ. Еугурæй дæр етæ разæнгард кæнунцæ цæрæнуæттæ фулдæр аразунмæ, – баханхæ кодта Атари-фурт.

Национ проект «Еугурфадуатгин горæттаг уавæртæ аразун»-бæл дзубанди кæнгæй, загъта, æ фæлгæти ке базилдæнцæ æма зæрдæмæдзæугæ уавæртæ ке исаразтонцæ 200 бунатеми, етæ адтæнцæ, куд берæфатерон хæдзæртти алливарс фæзуæттæ, уотæ фæлладуадзæн еумæйаг фæзуæттæ дæр.

«Адæми кæлæддзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнбунæттæмæ райевун»-и национ проектмæ гæсгæ аци анз цæруни уавæртæ гъæуама фæххуæздæр кæнонцæ 92 адæймаги, етæ нуртæккæ цæрунцæ кæлæддзагбæл нимад ка 'рцудæй, уæхæн хæдзæртти, сæ еумæйаг фæзуат æй 1700 квадратон метри.

Национ проект «Хуæрзгъæдæ æма æдас автомобилон нæдтæ»-йи фæлгæти евгъуд анзи Дзæуæгигъæуи æма республики районти цалцæггонд æрцудæй автомобилон нæдти 60 къабази – æдеугур 90 километри. Уой хæццæ, исцæттæ 'й нæуæг над «Дзæуæгигъæу-Хоригъæу-Малгобек-Мæздæг».

Æ радзубандий кæронбæттæни Атари-фурт куд баханхæ кодта, уотемæй идарддæр дæр еугур мадзæлттæ дæр арæзт цæудзæнæнцæ, цæмæй национ проекттæ æма уони хæццæ баст программитæ æнæкъулумпийæй æнхæстгонд куд цæуонцæ, уобæл.

**Номдзуд советон инженер-нефтикустгæнæг, паддзахадон архайæг, Ленинон премий лауреат Такъоти Æфсимайхой фурт Дзандари райгурдбæл 28 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-2001).**

*Еу зундгин лæги бафарстонцæ: «Кæмæй истай зунд?..» Æма син е загътæ: «Хъæрæутæй... Хъæрæу æ къах не ‘ривæрдзæнæй, рагацау æ лæдзæгæй ке нæ исбæрæг кæна, уæхæн рауæни...» Бæргæ, нæ хецаудзийнади лæгтæ дæр унаффæ царди рауадзуни размæ бал ибæл ку расагъæс кæниуонцæ: пайда æви зæран æрхæсдзæнæй...*





# КУСТИ ÆНТÆСТГИН АРÆХСТГИНДÆРТÆ ФÆУУНЦÆ...

НÆ РАГФИДДÆЛТÆ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Дæ нивæрзæн уедуг дардзæнæ, уомæй дæ фуни касæ нæ фæууиндзæнæ æма си дæхе нæ бафсаддзæнæ!..» Æцæгæйдæр, цæмæй дин ести бантæса, уой туххæй архайун гъæуй, æма архайунмæ исарахсдзæнæ, уомæн дæмæ ацъагъуæ ку уа, айдагъдæр уæд. Советон доги ахуради фæткитæ зундгонд кæмæн æнцæ, етæ ма ’й хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, уæд адæмон хæдзаради айдагъ уæлдæр ахургонддзийнади специалисттæ еугур къабæзтæн нæ, фал хумæтæг дæсни косгутæ цæттæ кæнунмæ цæйбæрцæбæл агъазиау æргом æздæхт цудæй, уой. Уæдмæ еци æгъдау ихæлд æрцудæй, æма е цæйбæрцæбæл æдулиддзийнадæ адтæй, е æрæгиау бæргæ рабæрæг æй. Хуарз æма уавæр нуртæккæ растгонд цæуй. Уой фæдбæл архайгæй, нæ республики ахуради æма науки министрадæ фадуæттæ аразуй, цæмæй еуæрдигæй промышленнон æма базарадон косæндæнтти, иннердигæй ба – астæуккаг профессионалон ахургæнæндæнтти ‘хсæн æмгустади туххæй бадзурдтæ федаргонд æрцæуонцæ.

Нерæнгæ бал уæхæн бадзурдтæ арæзт æрцудæй есбонади цалдæр хузей дууинсæй кустуатей хæццæ. Цæгатиристойнаг профессионалон ахургæнæндонемæй авд пайда кæнунцæ дуалон ахурадæй), гъома, студенттæ профессионалон ахургæнæндони ци зонундзийнæдтæ райсунцæ, уонæй фæстæдæр пайда кæнунцæ бæлвурд кустуати. Кустуати ахурдзаутæмæ федаргонд æрцæуй зундамонæг.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма студенттæ промышленнон æма базарадон косæндæнттæй кустадон практикæ кæми цæудзæнæнцæ, уæхæн ахурадон-кустадон лабораторитæ исаразуни фæдбæл куст цæуй.

Специалисттæ аци хузи цæттæ кæнуни æгъдауи устур ахедундзийнади фæдбæл Дзæуæгигъæуи Адæмти Хæлардзийнади политикон теникуми директор Бирæгъти Давид зæгъуй:

- Дуккаг æма æртиккаг къурсити фæсте нæ фæсевæд кустуæтти рацæунцæ кустадон практикæ. Студенттæмæ кустадон фæлтæрддзийнадæ фæззиннуй, кустуати разамонгутæн ба фæууй еу, кенæ дууæ анземæ сæхецæн дæсни специалисттæ бацæттæ кæнуни фадуат. Ефстæгтæй уæлдай, еугур кустдæтгутæ дæр сæхе фæндонæй студенттæн мизд дæр ма федунцæ.

Уой хæццæ ба ма сæрустурæй фегъосун кодта уой, æма сæ рауагъдонтæн сæ фулдæр исунцæ, дуалон ахурадæ кæми рацæунцæ, еци кустуæтти косгутæ.

Ахурдзаутæн дæр сæ зæрдæмæ цæуй, сæ исонибони дæсниадæбæл сæ ауæхæн фæткæбæл ке цæттæ кæнунцæ, е. Мæнæ уой фæдбæл техникуми æртиккаг къурси студент Аккæлати Тимур куд зæгъуй:

- Диплом нæ, фал зонундзийнæдтæ гъæунцæ кустдæтгути. Нуртæккæ фæллойни базаради агъаззагдæртæбæл нимад кæцитæ ‘нцæ, уæхæн дæсниæдтæ равзарунцæ фæсевæд. Электрики дæсниади фæрци мин уодзæнæй мæхе æма мæ бийнонти даруни фадуат.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъун гъæуй, æма Дзæуæгигъæуи политехникон техникум дуалон ахуради программæмæ гæсгæ косгути цæттæ кæнуй дуккаг анз. Нури уæнгæ ахургæнæндони исфедар кодта бадзурдтæ нæ республики æхсæрдæс кустуатей хæццæ.

***

Аллихузон косæг дæсниæдтæбæл специалисттæ цæттæ кæнунбæл нæ республики ци арæзт цæуй, уой фæдбæл дзубандий ма уин еума хабар ракæндзинан.

Аци анз 23-28 феврали рацæудзæнæй æргом регионалон чемпионат «Цæгат Иристони æригон профессионалтæ – 2021». (Worlds kills Russia). Архайдзæнæнцæ си дууæсæдæ ерисонемæй фулдæр, сæ арæхстдзийнадæн ба аргъ кæндзæнæнцæ дууæсæдæ æма инсæй эксперти.

Ерисæ сæйрагдæр цæудзæнæнцæ Æрæдони, Цæгат Кавкази аграрон-технологон колледжи. Уомæй уæлдай, чемпионат аразуни гъуддаги архайдзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи базарадон-экономикон æма политехникон техникумтæ, Елхотти берæвæрсуг колледж, уæдта Алайнаг гимнази.

Профессионалон ахургæнæндæнтти 16-22-анздзуд студенттæ кæми архайдзæнæнцæ, уоми аци анз ерисæ рацæудзæнæнцæ 18 гъуддагзонæг хуземæ гæсгæ. Аци ахсгиаг мадзали туххæй ба уин бæлвурддæрæй радзордзинан, ерисæ ку райевгъуйуонцæ, уæд уони кæронбæттæни бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

***Æрмæгутæ бацæттæ кодта ГÆЛÆУТИ Наталья.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу лæг, дан, æ фæлевагæ æнсувæрмæ æрхицæ кодта. Æма еу бон е дæр мæнгæттæ радзорун исфæндæ кодта. Рацудæй Нихæсмæ æма уоми ка бамбурд æй, еци лæгтæн дзоруй:*

*– Мæнæ хуарз адæм!.. Дессаг уин радзорон: абони гъæди еу саги фехстон, æма ин нæмуг исæмбалдæй æ гъостæбæл, æ сиуи кæронбæл æма æ фæстаг сæфтæгбæл. Уæдта уой фæсте ба арвæй данкъай рæйун райгъустон...*

*Æ еци дзубандимæ адæм исдæгъал-дугъул кодтонцæ, мæнгæттæ дзæнгæдатæ нин ци кæнис, зæгъгæ. Уæдмæ дин адæми астæуæй æ фæливд æнсувæр ку фестидæ æма син ку балæдæрун кæнидæ:*

*– Гæрр, æма уæмæ е цанæбæрæг дессаг фæккастæй? Саг æ фæстаг къахæй æ гъос нихта, уотемæй ибæл нæмуг исæмбалдæй.*

*– Æма арвæй ба данкъа кутемæй рæйдтæй? – фæрсуй æй адæмæй кадæр.*

*– Æма уоми дæр дессагæй неци ес: цæргæс кæцæйдæр данкъа рахаста æма е рæйдтæй...*

Аци таурæхъ бакæсгæй, зæрдæбæл уайтæккæдæр æрбалæууунцæ хецаудзийнади бæрзондæй-бæрзонддæр бунати бадæг лæгтæй комкоммæ фæливд хабæрттæ кæнунмæ тулаваст ка ’й, етæ. Сæ дзубандитæ нæ фæррæстмæ ’нцæ, зæгъгæ, е ку рабæрæг уй, уæд сæ хъозон дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ син сæ мæнгæттæ аллихузон рæуæнтти фæрци фецæгхузондæр кæнунбæл иселлæг унцæ. Уомæн дæнцитæ – цæйбæрцæдæр дæ гъæуæд! Зæгъæн, нæ пенсион фæткитæмæ фæстаг рæстæги ци æйййивддзийнæдтæ хаст æрцудæй, уони æнæрастдзийнадæ бæлвурд уогæй, уæддæр сæ исаразгутæ ба сæ бицъинæг æскъудтонцæ, гъома, етæ цæйбæрцæбæл пайда 'нцæ нæ бæсти социалон-экономикон уавæр фæххуæздæр кæнунæн. Пенсити хæццæ баст хабæрттæй уæлдай ма разиндзæнæй берæ æндæр дæнцитæ... Уогæ сæ уæхуæдтæ дæр уинетæ...



**Сергей БАБУРИН, ахургонд, æхсæнадон-паддзахадон архайæг: «Национ политикæ – е нейрохирурги æй, æма си ехсæттæнæй архайæн нецихузи ес...»**

Æма ехсæттæнæй угæ ба æхсæнадон царди циуавæр къабази ес архайæн? Уæхæн дзаумауæй кæми бавналунцæ, уоми æнæмæнгæ фæсмойнаг фæстеугутæй уæлдай, хуарзæй ба неци рауайуй... Угæ уæхæн дзаумауæй кæддæр пайдагонд æрцудæй меднацион рахастдзийнæдти – куд дзорунцæ, утемæй кавказаг лæг Сталини бардзурдмæ гæсгæ испайнаг Меркадер уомæй рамардта дзиуиттаг Троцкийи...



**Кирсан ИЛЮМЖИНОВ, Калмыкий раздæри президент: «Æз цæттæ дæн Америки Еугонд Штатти демократон процесси фарсхуæцуни Фонд айдагъ исаразунмæ нæ, фал æ сæргъи æрлæуунмæ дæр...»**

Бæргæ-бæргæ... Кæддæр Калмыкий сæргъи æрлæугæй, зæрдæ æвардта, еци республикæй дуккаг Кувейт, гъома, алцæмæй дæр гъæздуг регион исаразун... Æма? Кæд ин ести бантæстæй, уæд республикæ уæхæн æгудзæг уавæрмæ æртæрун, æма абони æ кеми нæма 'рцудæй... Æма АЕШ-и демократон процесстæ ин ку бабарæ кæнонцæ, уæд ка ’й зонуй, еци паддзахадæ æхе æрлæдæридæ æма иннети гъуддæгути æ хилкъахæнтæй нæ лæсидæ...



**Владимир ЖИРИНОВСКИЙ, Уæрæсей либералон-демократон партий раздзæуæг: «Мах афойнадæбæл нæ æрахæссæн исонибони фæтæгти æма революционерти, æма уой фæсте ба ма гъаст кæнæн, гъома, кæмидæрти нæмæ цидæр æрцудæй, зæгъгæ...»**

Революционертæ, уæлдайдæр фæтæгтæ исунмæ ка гъавуй, уони ахæссуни бæсти, æвæдзи, хуæздæр уидæ паддзахадон хецаудзийнади хиццаг бунæтти æвæрун. Уотемæй син хе цардиуагæ парахаттæй аразунæн уоййасæбæл берæ гæнæнтæ фæззиндзæнæй æма сæ хæлхъойтæ аразунмæ нæбал евдæлдзæнæй. Цал æма цал «фæтæги» фæссæхъсум æнцæ, уæхæн равгитæй ку фæххайгин æнцæ, уæд. Сæ еу дин Жириновский æхуæдæг – æнæбунати дзубандигæнæг.

### АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## АХУРГОНД УН БÆРГÆ ХУАРЗ ÆЙ, АХУРАДÆ ЦÆМÆЙДÆРТИ МÆСТАГ КУ НÆ УАЙДÆ, УÆД...

Нæ бæсти уæлдæр ахуради уавæри туххæй Фонд «Æхсæнадон цæстингас» ци æрфарст исаразта, уоми уæрæсейæгтæй ка архайдта, уонæн сæ 20% нæ уæлдæр ахуради хуæрзгъæдæдзийнадæ нимайунцæ хуарзбæл. Уæлдæр ахургонддзийнадæ кæмæ ес, уонæй ба утæ гъуди кæнунцæ æдеугурæй 17%. Æрфарсти архайгутæ уæлдæр ахургæнæндæнтти кусти гъæндзийнæдтæбæл нимайунцæ уонæми гæртантæ ке есунцæ, бюджетон бунæттæ си минкъий ке ес, студенттæн сæ исонибони дæсниадæ уоййасæбæл цийнаг ке нæй, ахургæнгутæн ба аккаг мизд ке нæ федунцæ. Æрфарсти ци адæм архайдта, уонæн сæ фулдæр хай (66%) нимайунцæ, уæлдæр ахурадæ æнæмæнгæ гъæуй, цæмæй сæ изолдæри царди устур æнтæстдзийнæдтæ къохи бафтуйа.




**Дессаги æнахур бæрæгбон бæрæггонд фæццæуй 26 феврали – дзæндæлдзийнади Еугурдуйнеуон бон. Цидæр æй, уæддæр тагъд ба кæнетæ еу гъуддаги – царди хуарздзийнæдтæй фæххайгин унмæ.**

**Адæмæй баримæхсæн неци ес, хуарз дæр æма лæгъуз дæр бæлвурдæй уинунцæ. Æз Мамукъати Хъазбегбæл ку фæгъгъуди кæнун, уæд мæмæ раст Киристей хузæн сæрнивонд адæймаг фæккæсуй: æнæхийнæ, æнæфæливд, рæстзæрдæ æма удигъæдæй кæдзос, æгъдаугин, куд фæззæгъунцæ, æ ауонæй дæр æфсæрми ка кæнуй, уæхæн адæймаг...**


МАМУКЪАТИ Хъазбег æ цардæмбал Людмили (Гобети Цæрайии кизгæ) хæццæ.

## ИРЫСТОН

Гуырдзыбегты Иринæйæ

*Иу хатт дæ, Фыдыбæстæ, лæвæрд,*
*Уираг дур æнæ хохæй – нæ намыс.*
*Зарыс ды нæ уды арфы кæд,*
*Хъисфæндырыл ризгæ мыртæ уафыс.*

*Ирд бæрзæндтæм уадыстæм æргом,*
*Ронгæй-иу нæ тыппыртæ ысуагътам.*
*Тохы бон-иу хъамайы цыргъ ком*
*Знаджы риуы фистонмæ ныссагътам.*

*Фынг лæууы æртæ къахыл æрмæст,*
*Фынгыл та – æртæ æртæдзыхоны...*
*Рагон зæхх, нæ дыл æххæссы цæст,*
*Мах дæу фарн рæсугъд фидæнмæ хоны.*

*Рагфыдæлты цыртытæ кæсынц*
*Фидæнмæ пехуымпартау æдзынæг.*
*Таурæгътæ æнусты рухс хæссынц,*
*Ссудзынц арвыл авднывон æрдынæг.*

*Баззадис æрдхæрæны æвзаг*
*Мах æмæ фæстагæттæн, тæхудиаг.*
*Ма фестæд уый сау рындзыл цæф саг,*
*Судзæд артау, макуы суæд æртхутæг.*

*Ма фесæфæд рухс фыдæлты ном*
*Дун-дунеты, космосон тыгъдады...*
*Намыс æмæ кады кувæндон*
*Абон махмæ хаты.*


МАМУКЪАТИ Хъазбег æма æ мадæ Нависæ (Гасинти Абисали кизгæ), адæмон ахуради ветеран.

**Номдзуд француйзаг финсæг Эжен Ионеско кæддæр уотæ загъта: «Нифс цæруй поэти зæрди. Поэзий уод, тог æма æстæг е æй. Поэттæ æнцæ æнæгъæнæ дуйней зæрдæ. Финсгутæ æма хузæгæнгутæ сæ медæгæ хæссунцæ урзондзийнадæ, хæссунцæ рæстдзийнадæ...» Аци рæнгъитæмæ гæсгæ уæмæ уотæ нæ кæсуй, цума раст Мамукъати Хъазбеги туххæй загъд æнцæ?!. Æ цардиуаги хабæрттæ дæр æма æ исфæлдистадæ дæр бæлвурдæй ка зонуй, етæ нæ аци гъудий хæццæ æнæмæнгæ исарази уодзæнæнцæ. Уомæн æма куд хумæтæг адæймаг, уотæ е 'гъдау æма æфсармæй æ алфамбулай æзмæлæг дзиллæн хæссуй зæрдæнцойнæ æма райдзастдзийнадæ. Мадта еци менеугутæй æнхæст æй æ исфæлдистадæ дæр – уомæн æвдесæн æ поэтикон уадзимистæ, кæцитæн сæ минкъий хай абони мухур кæнæн.**

**Мамукъати Хъазбег зундгонд æй куд хевæрцæн искурдиадæгин поэт, уой хæццæ ба ма æй арæхстгин тæлмацгæнæг. Нæ маддæлон æвзагмæ ратæлмац кодта уруссаг æма фæсарæйнаг литературон классикти, не 'мзæнхон поэтти уадзимистæй. Зæгъæн, Цæгат Иристони адæмон поэт Гуржибегти Ирини æмдзæвгитæй берети. Еци тæлмацтæй еу мухур кæнæн абони.**

## НÆ ХÆЗНА

*Ци фæцайтæ, ме 'зинæ, ме 'сон,*
*Кæми дæн мæхуæдæг, ци рауæни?*
*Фæццудтæн сæумæсарæй цауæни –*
*Рагон дзурдти дзиндзитæ 'ссерон.*

*Ци берæ 'нцæ æма ци кадавар,*
*Ци бæрзонд æнцæ 'ма ци хъазар?*
*Æнæ уонæй – мæгур гъæздуг авар,*
*Уони хæццæ – гъæздуг ниллæг цар.*

*Мæ сæнттæбæл ходæнтæ и хъалтæ,*
*Нæ фæууодзæн уонæмæ æнхæл, -*
*Иссердтон мæхецæн налхъут-налтæ,*
*Нæ хæзнати-хæзнамæ – дæгъæл.*

2020 анз, 2 мартъи

## СУРХ-ДИГОРÆ

*Арфæгондæй дуйнемæ фæззиндтæ,*
*Нивтæ дæттæг æма нивтæ корæг, –*
*Исæфæнтæ дæ рунтæ, дæ зинтæ,*
*Мæ уарзон гъæу, мæхе Сурх-Дигорæ!*

*Равардтай Иристонæн саг-лæгтæ,*
*Дæ кадæ дин бæрзæндти хастонцæ, –*
*Багъæуаги иссæнцæ салдæттæ,*
*Бæсти сæрбæл сæ тог никкалдтонцæ.*

*Зин уавæртæ адтæй, зин цæрдтитæ*
*Устур тугъди дзаман, и фæстугъд дæр, –*
*Нæ басастæ уæддæр, нæ фæккиудтæ,*
*Фал дæ хузæ скалдтай, исрæсугъд дæ!*

*Ниййердтай нæуæгæй саг-хъæболтæ,*
*Дæ кадæ дин бæрзæндти хæссæнтæ!*
*Исæфæнтæ дæ рунтæ, дæ хъортæ, –*
*Дæ ерисхæ калæд æрдæфæнтæ!*

*Рохс изæдтæ дæ сæрмæ зелæнтæ,*
*Идаугутæ уæнтæ син зеуæнттæ, –*
*Сæ рохсæй дæ исон куд ниххор уа,*
*Мæ уарзон гъæу, мæхе Сурх-Дигорæ!*

## МА ФÆККЕУÆ

*Фæццурддæр уй рæстæг зæруæрдæмæ,*
*Догъи ледзун нийдайуй иттæг,*
*Ма фæттæрсæ уомæй, ма 'й бадæмæ,*
*Куд куййæн, ба ин гæлдзæ æстæг.*

*Ба ин федæ е 'хæстæ, гъæуæгтæ,*
*Ниллæмарæ, нистауæ дæ уод,*
*А дуйней кæд цæрис, кæд æцæг дæ, –*
*Ма фæууæд дæ къумизунд асхъод.*

*Ма фæккеуæ, мæ хор, ма фæттæрсæ,*
*Дæ дæлтъæрæ ма 'йдуйæд дæ сог, –*
*Сæдæ анзи фæххæссæ дæ хæрсæ,*
*Цæрæнбонти ма 'исусæд дæ тог.*

*Ма дин фæууæд мæ дзурд зундамонæн,*
*Мæхемæ 'й æздахун мæхуæдæг.*
*Хуцауæй ци корæн, ци агорæн? –*
*Фиццагидæр нæ уоди сугъдæг!*

## КА НÆМА РАЙГУРДÆЙ, УОЙ ТАУÆРÆХЪ

*Нæ фæззиндтæн нурма*
*Уæ дуйнемæ, æвæдзи -*
*Нæма кæнуй къурма*
*Мæ цъæхахст хъæрæу æрдзи.*

*Нæма уинун галеу, -*
*Цæстигон ку нæма дæн...*
*Нæма дæттуй æ реу*
*Æ бæдолæн мæ мадæ.*

*Нæма ходун нурма*
*Уорс тæрхъосмæ мæ фуни. –*
*Кæдмæ уоздзæй, цума,*
*Мæн æна æ губуни?..*

*Хуцау бал ниффинсæд*
*Æ китаппи мæ карнæ, -*
*Æрæрветæд изæд...*
*Æрфæдзæхсæд æ Фарнæ.*

*Æз – дзенети нурма,*
*Æнайиепп, æнæкарæ.*
*Ци мæ хезуй, цума,*
*Æндегæй – гъезæмарæ?*

*Æви ес цидæр дес,*
*Ци æрхæссон мæ сæрмæ -*
*Æнидуйæ ес-бес –*
*УАРЗТ,*
*ÆУУÆНКÆ,*
*ÆФСÆРМÆ?!.*

* * *

*Бауоддæр æй мæ цард,*
*Æвæццæгæн,*
*Æрмингæ æй мæ 'й'арт,*
*Æвæццæгæн,*
*Ратаус æй м' асхъод,*
*Æвæццæгæн,*
*Ниррæдуфстæй мæ уод,*
*Æвæццæгæн,*
*Исбайлæгъ æй мæ рист,*
*Æвæццæгæн,*
*Фæссатар æй мæ нифс,*
*Æвæццæгæн,*
*Ехх, ниццъохæ синон,*
*Æвæццæгæн,*
*Куд некебал уинон,*
*Æвæццæгæн...*

2019.15.04

* * *

*Цард дын, мæ Иры зæхх, фестон,*
*Раттон дæ сæрыл мæ сæр!..*
*Де 'знон æрвайдæны федтон,*
*Фидæн æрбаци цыдæр...*

*Сабухта уды бындзарæй*
*Фурды уылæнтимæ арт, -*
*Ме 'нæрцæф фынтæм уæларвæй*
*Уацилла фехта йæ фат.*

*Ратахти уалæ уæлхохæй*
*Стъалы – мæ уды æртау!..*
*Стъалы ныззгъæлæнтæ, оххай,*
*Уд дæр тæгæлтæ фæхауд.*

*Стъалыйæн нал ис æруидзæн,*
*Уды тæгæлтæн дæр – нал...*
*Нæй, дам, ахæрæтæй лидзæн,*
*Нæй йын ыссарæн мадзал...*


МАМУКЪАТИ Хъазбег æ кæстæри кæстæртихæццæ.



# «Ærmæст дуйне æ не 'рлæугæ зелдохи калдзæй тæмæнтæ æнæсцохæй...»



**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй,**
(1943-2013)
финсæг, публицист

***Мамукъати Хъазбеги исфæлдистади туххæй цæйбæрцæ уацтæ финст æрцудæй, уони нæ нимайдзинан – еци гъуддаг бæрцитæй уойййасæбæл цæмæдессаг нæй. Сæйраг дæр æй, ка цæйбæрцæбæл рæстзæрдæй искодта æ хатдзæгтæ, цæйбæрцæбæл цæстуарзон æй æ гъуди.***
***Æма уомæй, махмæ гæсгæ, Мамукъати Хъазбегæн æ гъолæ, куд фæззæгъунцæ, исхаудтæй. Кадæрриддæр ибæл финста, уонæй алке дзубанди дæр æй зæрдхæлар, табедзæгондæй. Сæ еугурей ниммухур кæнуни равгæ нин нæййес, уомæ гæсгæ ба уæ зонгæ кæнæн Хъазбеги хуарз æрдхуард Æгъузарти Саукуйи литературон этюдти хæццæ. Бæргæ, Саукуй абони ма цардæгас ку адтайдæ, уæд, æвæдзи, никки æндæр гъудитæ дæр ма загътайдæ, фал, махмæ гæсгæ фагæ 'нцæ кæддæр ци зæрдæхцæуæн сагъæстæ ниффинста поэти цалдæр æмдзæвгей туххæй, етæ дæр.***

## ИСКУРДИАДИ ТУХÆ

Мамукъати Хъазбег дæсни тæлмацгæнæг ке 'й, уой, æвæдзи, литературæ уарзгутæ еугурæй нæ зонунцæ. Ирон кенæ дигорон æвзагмæ сæ уæхæн тæмæссаг æвзагæй раййевуй æма цума А.Пушкин, М. Лермонтов, иннæ уруссаг æма фæсарæйнаг поэттæ дигоронау исдзорунцæ, уотæ фæккæсуй адæймагмæ. Хъазбег æ тæлмацил бауадзуй ирон зæрдæ, дигорон уод, уотæ рæсугъд æй истахуй æма реуи исæвзуруй æнæкæрон уарзт, фæффулдæр ин кæнуй æ цийни усмæ. Фал мæмæ дессаг ци фæккæсуй: аййевади дæр, литератури дæр, ка си архайуй, етæ сæхе маддæлон æвзагбæл ести ку исфæлдесунцæ, уæд уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр цæмæн рауайунцæ? Æз Цæрикъати Феликс æма Тайсаути Олеги кой кæнун хъæбæрдæр. Игъустгонд заргутæ, рæсугъд гъæлæсти хецæуттæ, се 'сфæлдистади уæлтæмæнадæй хайгин æнцæ Уруси дæр, Иристони дæр. Фал Феликс æ рæстæги «Абæрег Мæхæмæти зар» ку ракодта, уæд цума ирон адæми арв æрцавта, уотæ мæмæ фæккастæй. Сæ десæ-местæн кæрон нæбал адтæй, цæстисуг фæрсгæ нæбал кодта, бауæрбæл цидæр æнахур зир-зир бахуæстæй. Уотæ арф, уотæ æнæкæрон рæсугъд равдиста æ зари абæреги меддуйнæ æма ибæл еугур дзиллитæ дæр фæрристæнцæ. Феликс еци зарæй æндæр ку нецибал ракодтайдæ, уæддæр æ ном арвбæл æстъалуй ферттивдау цæргæ байзадайдæ. Уотæ Тайсаути Олег дæр. Æхе æвзагбæл Малити Геуæргий «Ци кæнуй æна», æма Цориonти Заурбеги дзурдтæбæл арæзт «Лескени зар» ку ракодта, уæд цума æ гъæлæсихатт фæгъгъæздугдæр, фæййарфдæр æй, хонхи зæгъæн дортæ уæлдай цийнæ кодтонцæ, уотæ кастæй адæймагмæ. Гъе уæхæн уацари бахаудтæн, æрæги журнал «Мах дуг»-и Мамукъати Хъазбеги æмдзæвгити цикл ку бакастæн, уæддæр. Уæлдай деси мæ бафтудтонцæ, Малити Геуæрги уруссагау ци æмдзæвгæ ниффинста, уой дигоронмæ куд раййивта, еци рæнгъитæ. Цæмæй сумахмæ дæр багъара, цæмæй балæдæрайтæ тæлмацгæнæги хæццæ поэти зæрдиуагæ, æ тухст, æ гъезæмарæ, уой туххæй æй хæссун уæ размæ еугурæй дæр.

*Ци сах уаруй! Мæ инод къæс*
*Нитталингæ 'й, ниммæтъæл,*
*Фæммæ кодта фудæхсæвæ*
*Фунти фарнæй фудæнгъæл.*
*Уæ, ме 'дард лимæн, ме 'нгарæ,*
*Мæ рохс бæлди цæдесон,*
*Тæходуй æма а – усми*
*Фæмма уинæ дæ цæсгон!*
*Ниццæйтухсинæ де 'фцæги,*
*Æркъолæ кæнгæй мæ сæр,*
*Фæккæуинæ хъæбæр берæ,*
*Мæнкъæй сабийау, æз дæр.*
*Мæ дзиназунмæ нийгъосгæй.*
*Мæ ниллæг къæси æнде*
*Æрæллау уидæ сах уарун,*
*Æрфунæй уидæ дуйне...*

Куд аййев, æнæкæрон тухгин исгъæста Хъазбег æ тæлмацæй нæ классики уруссагау финст æмдзæвгæ, куд рæсугъд хуарæнтæй исхурста алли рæнгъæ дæр, адæймаги реу, æ уод ин куд тæмæссаг æзмæлун кæнуй. Фиццагидæр, циуавæр æвзагæй финст æй, уобæл бадес кæндзæнæй адæймаг. Цума Геуæргийæн æ хурфи бадтæй ацал-ауал анзи Хъазбег, уотæ мæмæ фæккастæй.

Уотæ дæсни, уотæ агъаззаг раййивта устур поэти уадзимис æндæр поэт. Æвæдзи, Хъазбег фур дессаг хуарз æстæфуй Геуæргий исфæлдистадæ, исахур ин кодта æ алли бацæуæн æма рацæуæн дæр, иссирдта ин æ мæрдæгасгæнæг æвзаги дæгъæлтæ æма уомæй гъаруй уотæ карз кæсæгмæ дæр. Е ба уой бæрæг кæнуй, æма Хъазбег федар искурдиади хецау ке 'й, устур поэти зæрдæ арф ка лæдæруй, е 'сфæлдистадæн ин табугæнæгау ка ковуй, уæхæн поэт, уæхæн тæлмацгæнæг.

## ЕУ ÆМДЗÆВГИ ТУХХÆЙ

Дигорон æвзаг, дан, нæ хъæртуй алцæбæл: унгæг æнцæ æ фæззелæнтæ, кунауæггаг æй дзурдуат, дæ гъудитæ си нæ зæгъдзæнæ фæндон хуарз, е 'взаг – цубур, æвæндон, зин лæдæрæн. Уотæ ка гъуди кæнуй, етæ тухгинтæ рæдуйунцæ. Дигорон дзурдтæ къахгæй, дæ зæгъуйнаг зæгъдзæнæ аллихузи дæр, уотæ рæсугъд, уотæ арф æма ибæл деси бафтуйдзæнæ. Цæмæй мæ гъуди бафедар кæнон, уой туххæй æрхæсдзæнæн айдагъдæр еу дæнцæ – Мамукъати Хъазбеги цубур æмдзæвгæ «Рæстæг æма дуйне» дæлдæр мухургæнгæй.

*РÆСТÆГ ÆМА ДУЙНЕ*
*Гæлдзуй кадæр фæснадмæ æ бæлдитæ,*
*оххай, кæндзæй тадхуалитæ е 'сон.*
*Бурдæн – тумугъти цæдесон –*
*хездзæй уой сæрбæл уорс уæлитæ.*
*Афæй – рæстæги сувæллон –*
*цъирдзæй уой тухæ мади 'хсирау,*
*неугæ тæхдзæй æ сæрти æстонг сирдау*
*рæстæг-халон...*
*Æрмæст дуйне æ не 'рлæугæ зелдохи*
*калдзæй тæмæнтæ æнæсцохæй.*

Айдагъдæр дæс рæнгъи æма си райгъусуй рæстæги удзæл, адæми дзахъула, нæ еугур æмæзмæлд. Дæс рæнгъи æма дæ цæстити размæ исистдзæнæй дун-дуйней дæрæгъдзæгай, не 'скæнæг Хуцауи нивæвæрд зелдохæнтæ, нæ карнæ, нæ амонд цæй медæгæ 'й, еци финст æма æнæфинст уагæвæрдтæ. Царди хуарзæй дæр, лæгъузæй дæр ци дессæгтæ ес, етæ еугурæй дæр бацудæнцæ аци дæс рæнгъеми, бурдæнтæ æрæгас æнцæ нæуæгæй, æндаг-медæг рауадæнцæ, исхæлæмулæ 'й æрдзи фæззиндтити хæццæ æма æнахур дессаг кæсуй адæймагмæ, «бурдæни сæрбæл уорс уæлитæ куд хезунцæ», е. Æнахур дессаг æй, «рæстæги сувæллон уой туххæй мади æхсирау куд цъирдзæй», дессаг æй, дæс рæнгъемæй уотæ æнхæстæй, рæсугъдæй куд равдиста е 'ргъуди фæлгонци Мамукъати зæрдæргъæвд Хъазбег. Фиццагидæр, аци дæс рæнгъемæй цæуй алæмæти зæрдирохс тунтæ, ес си алцидæр: адæймаг устур гъудити цæбæл бацæуа, кæбæл расагъæс кæна, цæбæл мæтъæл кæна, цæбæл идзула, уæхæн бунæттæ,

Дун-дуйней итигъди (космос) поэт иссирдта æхе хуарæнтæ, æхе æвзаг æма адæймаги дæр æфтауй æ раст гъуди, æ раст фæлгонц. Зæнхæбæл ка нæма æрцудæй, кæд си уæхæнæй неци ес, хумæтæг æй æ арæзт, уæддæр дæсни поэти фæрци адæймагæн æ размæ æристадæй дигорон дзурди тухæ, дигорон поэти æрвонзæнхон искурдиади тæмæн.

Мамукъати Хъазбеги «Рæстæг æма дуйне»-й кой хецæнæй уомæ гæсгæ кæнæн, цæмæй еу хатт дæр ма банкъарайтæ дигорон дзурди тухæ, еу хатт дæр ма бастæфайтæ æ хъаурæ куд æнæкæрон, куд æведуйгæ 'й, куд удæгас æй, уой. Æма, дан, дигоронау зин æй дæ гъуди зæгъун. Нæ, е раст нæй. Не 'взаг куд æнæбæрцæ гъæздуг æй, уомæн ци æвдесæн æрхастон, е дæр берæ цæбæлдæрти дзорæг æй æма еци æнæбун форди агорун гъæуй. Агорун æма ерун. Ка агора, е ба æнæ иссергæ нæ фæуудзæнæй.

## «ХОРИ ТУНИ ЦЪИТА – МÆ ТÆЛÆНТИ АСХЪОД...»

Дууæ цубур æмдзæвги, фал сæ рæнгъитæ куд содзунцæ адæймаги меддуйнæ, æ зунд, æ зæрди арфдæр уедæгти, куд игон зæрдæй сæ бакастæн æма æвеппайди уотæ тухгин цæмæн æрмæттъæл дæн? Е ци æй? Циуавæр пахампар мин байагайдта мæ уоди ресагæдæр дадзинтти? Е пахампар нæй, фал поэти сагъæстæ, поэти медхъурдохæн зелуй æма æзгелуй мæ зæрди къумтæ, мæ бауæр еугурæй дæр. Дзурд маргæ куд кæнуй, æгас дæр уотæ кæнуй. Поэти рæнгъитæ, поэти дзурдтæ адæймаги сагъæстæбæл ку æфтауонцæ, е æнкъард, е ба сæбæл цийни усми ку бахауа, уæд е хуннуй æцæг поэзи. Æма уæхæн поэтæй æхе æвдесуй Мамукъати Хъазбег. Гъаруй мæмæ е 'нæкæрон æнкъарддзийнадæ, æ хъурдохæнтæ, æ медсагъæс. Лæдæрис, цæмæннæ «Нæбал ес нифси цъита ме 'схудти», æнкъаруй «Уацæ дуйней цæруй æма халхъ»-æй, «а дуйнемæ 'й кæсун ке нæбал фæндуй», еци зæрди фæлхæтæнтæ, еци зæрди цæлхъитæ æма гуппитæ. Цалдæр хатти бакастæн Хъазбеги содзагæ, араугæ, реуи фæйнæгбæл ка ниннихæстæй, еци рæнгъитæ æма мæ мæтъæли загътон мæхецæн: «Æмбал кæмæн нæййес, еци поэти гъуди макæд фесæфæ, макæд фæгъгъæуæ махæй, цæрæг удти дуйнейæй, хонæ нæ дæ хæццæ царди нæдтæбæл, идзулун нæ кæнæ, масти нæ æфтауæ, е ба нæ цард гъæздуг, тæмæссаг æма тæходуйаг уа!»

*ДУУÆ ЦАРДЕЙ АСТÆУ*
*Тæходуй, цъæдæхау дæ уесин бæхбæл фестæ,*
*Раматæхæ уадау дæ уадсорбæл еу хатт!..*
*Фæззигон сифтæрау æрæзгъæлдæнцæ*
*ме 'нтæ,*
*Æркодта мæбæл арв цæрдигонæй бæхбадт...*

*Нæбал ин фæразун, æлвасуй мæ зæнхæмæ,*
*Бацъирдта мин мæ тог, баниуазта мæ уод, –*
*Мæ цæсти хурфæй ма рацæйзиннуй гæзæмæ*
*Хори туни цъита – мæ тæлæнти асхъод...*

*Мæ еу цард фæцæуй, фæййевгъуйуй*
*евгъудмæ,*
*Нæ ин ес æздæхæн, нæ раздахдзæй йе 'рух, –*
*Фал кæми 'й мæ дуккаг – бафæразон*
*йе 'рцудмæ,*
*Нæма æрдæн цалдæнги, нæма, еугур пурх...*

*МÆ ГЪУДИ*
*Нæбал ес нифси цъита ме 'схудти,*
*Æй ме 'сдзурд æнæбари сун-сун, –*
*Ниннигъулдæй æ хъозги мæ гъуди,*
*Нæбал комуй æндæмæ лæсун...*

*Иссердта кæдимайди æнцойнæ,*
*Дзенетау истахта кæд æ раз, –*
*Æсдæруй æхецæн царди сойнæ,*
*Ниуазуй æхе хæццæ уæрас.*

*Нидæн зарти æхе нинниуæрдуй,*
*Уацæ дуйней цæруй æнæ халхъ, –*
*А дуйнемæ 'й кæсун нæбал фæндуй,*
*Ницъцъумур, дан, уодзæй мæ золахъ...*


Æртæ æрдхуарди, нæ национ литератури хъæзауатонтæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) ХЪОДЗАТИ Æхсарæ, ДАУРАТИ Дамир æма МАМУКЪАТИ Хъазбег.

***Номдзуд советон финсæг К. ПАУСТОВСКИЙ уотæ загъта: «Æ маддæлон æвзаг цийфæндиаг кæмæн æй, е гъæддаг æй. Æ хумæтæг искондæй дæр е зианхæссæг æй, уомæн æма æ маддæлон æвзагмæ уæхæн цæстингас ке даруй, уомæй æвдесуй, æ адæми евгъуд, абони æма исонибон ин цийфæндиаг ке ’нцæ, уой...»***



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГБÆЛ ЗÆРДÆЙЙЕВÆН НÆЙЙЕС!..



**САКЪИТИ Эльбрус,**
**газет «Дигори» сæйраг редактор**

МÆ АБОНИ дзубанди бабæй æй нæ маддæлон æвзаги уавæри фæдбæл. Уой туххæй ма нæ газети айразмæ дæр мухургонд æрцудæй аллихузон æрмæгутæ. Уомæй уой зæгъуйнаг дæн, æма рагæйдæр нин нæ маддæлон æвзаги карнæ æгæр иссагъæссаг æй. Æма нерæнгæ дæр берæ цæмæйдæрти тухсун кæнуй. Нуртæккæ нин е ци уавæри æй, æма имæ ци цæстингас дарæн, уой гъæугæ ’рдæмæ æвæстеуатæй ку нæ раййевæн, нæ уодварни хæзнатæн сæ сæйрагдæр ке æй, уой æма зæрдæй дæр æма зундирахастæй дæр ку нæ балæдæрун кæнæн, фиццагидæр, нæхецæн æма ’й нæ дзиллæ аккаг хузи цитгин кæнун ку нæ райдайуонцæ, уæд ин, бауæндетæ, æцæгæйдæр тагъд хуæрзбон зæгъдзинан æностæмæ. Рацæудзæнæй ма цалдæр фæлтæри, уæдта, æвæдзи, уотæ дæр рауайдзæнæй, æма нæ исонибони кæстæртæ айдагъдæр музейти археологон хайæдти æрмæгутæй зондзæнæнцæ, кæддæр сæ адæмæн уæхæн уодварни хæзна – дигорон æма ирон æвзæгтæ ке адтæй, уой. Уомæн æма син, дигорон-ирон адæми байзайæггæгтæн, сæ фидтæлтиккон, сæ тогæйхæстæг æвзаг исæцæгæлон уодзæнæй. Уой дæр мах, абони Иристони зæнхæбæл цæрæг дзилли фудæй. Уомæн æма абониккон мæнгæдзийнæдтæй нæхе ерхæфсгæй, нæ расагъæс кæнæн, адæм цæмæй ан æма иннæ адæмти ’хсæн цæмæй федауæн, уобæл нæ къох ракъуæргæй, нæ исонибон фæсмойнаг нæ кæнæн?

Æма æностæмæ фæндараст уо, нæ маддæлон æвзаг, зæгъгæ, фарста ке æвæрæн, уомæй, ка ’й зонуй, кадæртæ уотæ дæр бакой кæндзæнæнцæ, гъома, æгæр æй нæ фæккарз кодтан. Нæ, æгириддæр си карзæй неци ес. Уæхæн тасдзийнадæ ма зæрдити æвзурун кæнуй, мæнæ 2018 анзи Паддзахадон Думæ Уæрæсей Федераций «Ахуради туххæй», зæгъгæ, закъонмæ маддæлон æвзаг ахур кæнуни фæдбæл ци æййивддзийнæдтæ бахаста, етæ дæр.

Адтæй нæ адтæй, уæддæр Паддзахадон Думæ еци æййивддзийнæдтæ исфедар кодта. Уой дæр – æртиккаг æркасти. Е ба уобæл дзорæг æй, æма Уæрæсей цæрæг аллихузон адæмихæттити зæрдæмæ берæ цæмæйдæрти нæ фæццудæнцæ, хъæбæр исдзурдтаг æнцæ. Фал сæмæ игъосæг ба нæ фæцæй, æма еуцæйбæрцæдæр фæрракæнæ-бакæни фæсте сæ исфедар кодтонцæ, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг фæткæвæрд иссæнцæ. Фал уомæй нæ банцадæй, еци закъон национ æвзæгтæн – уруссаг æвзагæй уæлдай – ци зæран æрхæсдзæнæй, уой фæдбæл æнаразидзийнади дзубандитæ.

## АЛЦÆМÆЙ ДÆР РАСТ ГЪУДДАГ ДЗУРДТАГ НЕКÆД ФÆУУЙ!..

Фиццагидæр ба уомæ гæсгæ, æма, еци закъони куд нисангонд ес, уотемæй Уæрæсей еугур регионти дæр скъоладзаути барæ ес, ци æвзаг сæ бафæндæуа, уой сæхецæн маддæлонæн равзарун. Æма си бæлвурдæй бæрæггонд æй, циуавæр æвзаг гъæуама равзара – уруссаг, гъома, е Уæрæсей паддзахадон æвзаг æй æма паддзахади медæгæ цæрæг адæмтæн дæр бæззуй маддæлон æвзагæн. Гъе дин гъе!.. Æма ахурдзаутæн сæ зингæ фулдæр хай, уой дæр сæ ниййергути фæндæй, сæхецæн æцæгæйдæр маддæлонæн уруссаг æвзаг ке равзардзæнæнцæ, уобæл æгириддæр нæ секк кæнун. Уомæн æма нуртæккæ дæр хъæбæр ахид скъоладзаутæн сæхецæй дæр æма сæ ниййергутæй дæр фегъосдзæнæ, кæми, дан, æма кæцирдæмæ мæ гъæуй дигорон кенæ ирон æвзаг.

Уотæ ба уомæ гæсгæ фæззæгъунцæ, аци æмæнтъеригæнæг ЕГЭ-мæ гæсгæ ибæл фæлварæнтæ дæттун нæ гъæуй, уæд, дан, ибæл нæ рæстæг цæмæн исафæн. Æма ниффинсунцæ курдиадæ, цæмæй сæ исуæгъдæ кæнонцæ сæ маддæлон æвзаг ахур кæнунæй.

Уæхæн зундирахастбæл хуæст ка ’й, уонæн нур ба заманай равгæ фæззиндтæй: мæнæ ци закъонадон æййивддзийнæдтæбæл цæуй дзубанди, уомæ гæсгæ ахурдзауæн æ бон æй æ национ æвзагбæл æма уомæй уроктæбæл исидæун, æма уруссаг æвзаг æ маддæлон исхонун.

Ци загъдæуа?.. Уотæ уайуй, æма кæд дигорон мадæй райгурдтæ, æма дин нæ Исфæлдесæгæй дæ маддæлон æвзагæн лæвæрд æрцудæй дигорон æвзаг, дæ карни дин кæрæй-кæронмæ дæр айдагъдæр е æй тогæйхæстæг, уæд ибæл нур ба гадзирахаттæй рацо?.. Æма уотемæй æностæмæ хуæрзбон нæ зæгъдзинан нæ æцæгæй маддæлон æвзагæн?.. Æма уæд е дæ хеуонбæл, дæ тогæйхæстæгбæл гадзирахаттæй рацæуни хузæн нæ уодзæнæй?..

Уæхæн фудракæндæ хæссæг ку нæ уидæ аци æййивддзийнæдти «æргъудидзийнадæ», уæд, æвæдзи, уотæ карзæй æ нихмæ нæ исдзурдтайуонцæ еугур регионти рæстмæгъудигæнæг æма сæ национ уодварни хæзнати карнæбæл рæстзæрдæй тухсæг дзиллæ. Закъонæн æ проект куддæр фæззиндтæй, уотæ сауæнгæ æ исфедар кæнуни уæнгæ ибæл хъæбæр карзæй цудæй дзурд: уомæн æма си ци фæткитæ ес, уонæн сæ мæлгъæвзаг хузи фæсауæн ба риндзи æрбадтæй хъæбæр устур тасдзийнадæ, кæци хъæбæр рæхги знаггадæй фæззиндзæнæй национ æвзæгтæбæл: уотæ дæр рауайдзæнæй æма бустæгидæр сæ некебал ахур кæндзæнæй, ци адæмихаттæй æнцæ, уой фæлтæргай иронх кæнгæй. Æма исонибони нæ кæстæртæ сæ маддæлон æвзаг ма уиндзæнæнцæ айдагъдæр музейти археологон хайæдти – куд кæддæри рæстæгути æгомуг æвдесæн.

Æз æгириддæр уой нихмæ нæ дæн, цæмæй нæ кæстæртæ хъæбæр хуарз зононцæ уруссаг æвзаг, пайдахæссæг син уа сæ цардарæзти гъуддæгути. Мæ дзубанди уобæл æй, æма еци хуарздзийнадæй хайгин уни туххæй сæхе ма æнæ хай кæнонцæ, нæ адæммæ уоди хъаурæ тухгингæнæгæй цидæриддæр исæнтæстæй æности дæргъи, уонæй. Сæ еу – нæ маддæлон æвзаг.

Æз мæхуæдæг райдайæн кълæсти еугур предметтæ дæр ахур кодтон дигорон æвзагбæл, сæ бундорон медес син уотемæй хуæздæр балæдæрдтæн. Ахур кодтон ирон æвзаг дæр. Е мæ æгириддæр нæ бахъор кодта уруссаг æвзаг дæр æма фæсарæйнаг æвзаг æнтæстгинæй исахур кæнунмæ. Скъолай фæсте ахур кодтон Ростови паддзахадон университети – Советон Цæдеси тæккæ хуæздæр цуппар уæлдæр ахургæнæндонемæй еуеми. Уой каст фæуугæй ба берæ æнзти дæргъи фæккустон, уруссаг æвзагбæл уагъд ка цудæй, уæхæн газетти. Æма, бауæндетæ, æ рæстæги дигорон æвзаг дæр æма ирон æвзаг дæр ахур кæнунбæл берæ рæстæг ке «фесафтон», е мин пайдайæй уæлдай зæран ба æгириддæр не ’рхаста. Уæд нури ниййергутæ цæмæй тæрсунцæ, цæмæн уотæ ниффæрскъæ унцæ, нæ национ æвзаг нæ нецæмæн гъæуй, зæгъгæ?

## ÆВЗАГ ÆЙ АДÆМÆН Æ УОДИ ЦÆСТУИНГÆ ФÆЛГОНЦ!..

Уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæндзæнæн нæ Иристони разагъди лæгтæй еу, литератор, тæлмацгæнæг, этнограф **Темирханти Сослани** мæнæ ауæхæн загъд:

*«Рагæй-æрæгæмæ еумæ цæргæ ци адæм æрцудæнцæ, сæ цийнæ дæр, сæ гъигæ дæр еумæ ка æрвиста, етæ царди уавæр æмхузон лæдæрунцæ, алцæмæ дæр еу цæстæй кæсунцæ, алцидæр еу барæнæй барунцæ, æма сæ куд лæдæрунцæ, уомæ гæсгæ арæзт æй се ’взаг, æма се ’взагбæл дзоргæй, хебарæй сæхе зундæй гъуди кæнунцæ.*

*Фал æцæгæлон æвзагбæл ка райдайуй дзорун, е, ке ’взагбæл дзоруй, уони цæстæй кæсуй алцæмæ дæр, æма хебæраги æхе зундæй гъуди кæнун æ бон нæй. Фал е ’уæнгти ке тог зелдох кæнуй, уони ’рдæмæ æ уод тундзуй æма дузæрдуг кæнуй, æ уоди хъауритæ фæйнердæмæ хуæцунцæ æма имæ нæ игуруй уæхæн фæндон, лæги æдæрсгæй кæци архайун кæнуй, æхсарæ си ке фæрци æвзуруй.*

*Уæхæн лæг æхецæн дæр, æ адæмæн дæр ном искæнунгъон нæй, цалинмæ æ райгурæн æвзагбæл нæ райдайа дзорун, цалинмæ адæми зунди сауæдонæй нæ бафсада æхе...»*

Гъе уотæ финста Темирханифурт 1922 анзи æ уац «Зунд æма бархи»-й. Æма цæбæл расагъæс кæнæн мах, абони Иристони цæрæг дзиллæ, е си, мæнмæ гæсгæ, ес. Æ еци уаци Темирханифурт уотæ дæр ма финста:

*«Алли адæм дæр цард куд лæдæрунцæ, уой раргом кæнунцæ се ’взаги фæрци сæ аргъæутти, таурæхъти, кадæнгити, сæ зарти, æмбесæндти æма етæ ’нцæ сæхе зунди сауæдонæ. Етæ цæйбæрцæ гъæздугдæр æнцæ, цæйбæрцæ хуæздæр æвдесунцæ цард æ алли хузти, цæйбæрцæ хуæздæр æртасунцæ сау æма уорс, уойбæрцæ хуæздæр лæдæрун кæнунцæ царди адæмæн, уойбæрцæ ба адæм хъаурæгиндæр кæнунцæ. Адæми æведуйгæ зунди сауæдонæй кæци адæми фæсевæд ниуазунцæ сæ фагæ, етæ сахъ æма ездон фæуунцæ, æдæрсгæй архайунцæ, сæ уодæн нæ тæрсунцæ, æма сæ фæллойнæй, æхсарæй искæнунцæ сæ адæмæн ном.*

*Фал зундамонæг æма нифсдæттæг таурæхътæ æма кадæнгитæ кæци адæмæн ниууагътонцæ сæ фидтæлтæ, етæ еци зунди сауæдонæй ку не ’фсадонцæ сæ цæуæти, уæд се ’сæфт æрцудæй. Е æцæгæйдæр уотæ ке æй, е бæлвурд раргом æй рагон Грекъи гъуддæгутæй.*

*Етæ таурæхътæ æма кадæнгитæй гъæздуг адтæнцæ, зундамонæг æма нифсдæттæг, фæсевæди рохсмæ разæнгардгæнгæй, æма цалинмæ Грекъ сæ еци зунди сауæдонæй сæ цæуæти æфсастонцæ, уæдмæ сæ хъаурæ ирæзтæй, æнтæстæй син берæ. Сæ фæллойнæй исбæрзонд кодтонцæ сæ культурæ æма сæмæ исæвзурдæй устур ахурадæ, исæвзурдæй сæмæ Бæрзонд «аййевдзийнадæ» (искусство), гъома, уой æргъуди кæнуни æма уой искæнуни дæсниадæ, цæстæ кæсунæй цæмæ не ’фсæдуй, гъос – игъосунæй, æма зæрдæ цæмæй рохс кæнуй, рæсугъддзийнадæ ци уарзун кæнуй. Сæребарæй цæргæй, иурстонцæ сæ федауцæ цардиуагæ райгурæн бæстæн, æма сæ бартæ гъæуай кæнгæй сæ дæс мини знæгти сæдæ мини æмпурстонцæ, æма сæ еци фæлтæри устур гъуддæгутæ устур дессагæн байзадæнцæ, еугур адæмтæн нури уæнгæ дæр ма. Фа, се ’намондæн, сæ ахургæндти астæу фæззиндтæй уæхæнттæ, фидтæлти таурæхътæ æма кадæнгитæ ходæг æма нецæййаг кæмæ кастæнцæ, уонæмæ игъосгæй адæм дæр еци цæстæй райдæдтонцæ кæсун сæ таурæхътæмæ, сæ кадæнгитæмæ, ниуугъуонцæ сæ иронхуати, сæ еци зунди сауæдонæй æнæ хай фæккодтонцæ сæ цæуæти.*

*Æма гъе уæд Грекъ æрлæмæгъ æнцæ, сæ хъаурæ басастæй æма æдзæллаггæнгæй се ’знæгти къæхти буни бафтудæнцæ, сæ бæрзонд культурæ фесавдæй».*

**Зундгонд композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Цорионти Хъаурбеги фурт Резвани райгурдбæл 4 мартъий æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-1997).**

***Æвзагзонунади номдзуддæр архайгутæй еу, Дмитрий ЛИХАЧЕВ финста: «Мæнмæ гæсгæ, биййонти фулдæр амидин кæнун гъæуй, цæмæй сæ маддæлон æвзагмæ се ‘ргом здахонцæ еудадзугдæр. Уруссаг æвзаги ахургæнгути ихæс ба ‘й, сабийтæ ци национ æвзагæй дзорунцæ, уой зонун, æвзæгтæ кæрæдзей хæццæ барун, еугур æвзæгтæ дæр уарзун...***



Хуцау нæ уæхæн бæлахæй багъæуай кæнæд, фал си, цума, бустæги æдас нæ ан, утæ уæмæ нæ кæсуй? Уомæ гæсгæ ба нæ нæ исонибонбæл расагъæс кæнун гъæуй – уотид рæсугъд дзубандитæй нæ, фал гъæугæ гъуддæгутæ аразгæй! Мæскуйæй нин цитæ амонунцæ, етæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ ’нцæ, фал уодварни хабæртти туххæй ба гъæуама мах дзурд æма фæндæмæ дæр, цит, æригъосæнтæ. Еугæр нæмæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Конституций нæ маддæлон æвзаг ирон æма дигорон диалектти хузи нисангонд æй куд паддзахадон, уæд ин æ еци номмæ гæсгæ æ бартæ къаппæсаппæ маке кæнæд, нæ адæми æвæндонæй.

Мæ аци загъди хецмæрездзийнадæй, бауæндетæ, æгириддæр неци ес. Æз уомæй æвдесун мæ аразидзийнадæ нæ дзилли рæстмæдзорæг адæймæгути хæццæ. Зæгъæн, рохсаггаг **Малити Васой** хæццæ, е кæддæр (2003 анзи) утæ загъта:

*«Нæхе æвзаг, нæхе æгъдæуттæ æма фарнæ мах гъæуама макæд мацæбæл баййевæн. Е утæ нæ амонуй, æма иннæ адæми æвзæгтæ æма фарни хæзнатæбæл устурзæрдæ уæн, зæгъгæ. Нæ. Фал æхе ка нæ уарзуй, е еске дæр нæ бауарздзæнæй. Дуйнебæл нин нæ фидтæлтæ хуæздæрæн ци ниуугъгътонцæ, е æй не ’взаг. Уой фæрци нæмæ æрхъæрдтæнцæ нæ сугъзæрийнæ кадæнгитæ, аргъæуттæ, зартæ, гъарæнгитæ, æгъдæуттæ.*

*Зæнхæбæл берæ адæмтæ фесавдæй. Агъазиау сахартæ æма галауантæ ка исаразта, уæхæн адæмтæй дæр абони берети нæбал зонæн. Исæфгæ ба фæккодтонцæ, се ’взаг ке фесавдæй, уой устур бæлахæй. Алцидæр иссерæн ес цæрæг уодæн, фал æвзаг ку нæбал уа, уæд е ба æноси исæфт æй. Не ’взаг æй нæ царди уедагæ æма ’й ма бауадзæн исæскъунун...»*

Нæ маддæлон æвзаги абони уавæр æма æ идарддæри карни фæдбæл кæдæй æма кæдæй ардæмæ еци тухстхузæй, еци дзорæги дзоруй æ сæрбæлтау хъазауатонæй архайæг **Хъодзати Æхсарæ** дæр. Æ уацтæй еуеми (1993 анзи) утæ финсуй:

*«Не ’взаг цæмæ ‘рцудæй, уомæн зæгъæн ес еу дзурдæй: къурцдзæвæнмæ, бæлахи уавæрмæ. Ервæзунæн зонун еунæг хуасæ: ирон æвзаг Иристони гъæуама исуа паддзахадон æвзаг. Нуртæккæ ци æрдæг мадзæлттæ аразæн, етæ устур агъаз фæууонцæ, е ми не ’руагæс кæнуй. Конституцимæ гæсгæ Цæгат Иристон нимад æй социалистон паддзахадæбæл. Ирæнттæ ба иннæ адæмтæй, фиццаги-фиццагдæр, се ’взагæй хецæн кæнунцæ. Æма еци ’взагæн æхе бæсти æ бартæ æлхъивд ку уонцæ, уæд е цæй паддзахадæ ‘й! Зунд кæстæрæй хестæри сæрбæл куд нæй, утæ адæмтæ дæр сæ бæрцæмæ гæсгæ нæ фæййахедунцæ, фал сæ хуарз менеугутæй. Мадта цума раст æй, зæгъæн, автономон æма цæдесон республикитæн æмхузон бартæ ке нæййес, е? Æрдзи рази нæ еугурдæр æмсæр ан. Минкъий киндзæн устур киндзæй минкъийдæр æгъдæуттæ нæ гъæуй. Уомæ гæсгæ ми федарæй æруагæс кæнуй: еугур республикитæ, национ облæсттæ æма хæйттæ дæр гъæуама цæронцæ еухузон уавæрти æма син уа еу разамонæг центр. Æма уæд цæйбæрцæ гъæздугдæр, æнгондæр уайанæ! Еуемæй, кæрæдзей æвзæгтæ хуæздæр зонианæ, иннемæй ба културитæ хъæбæрдæр исирæзиуонцæ, исахедиуонцæ».*

## ÆВЗАГИ КАРНÆ – ДЗИЛЛИ КАРНÆ

Хъодзати Æхсарæ еудадзугдæр еци тухстæй дзоруй нæ маддæлон æвзаги абони уавæри æма æ идарддæри карни фæдбæл. Угæ айдагъ е нæ, фал ма нæ иннæ исфæлдистадон косгутæ дæр сæ фулдæр, уæлдайдæр ба – финсгутæ. Уомæн æма, сæ царди сæ исфæлдистадон архайдæн сæйраг фæзуат æнæгъæнæй дæр маддæлон æвзаг кæмæн æй, етæ ’й хуæздæр уинунцæ æма лæдæрунцæ, нæ кæстæртæн не ’взаг уодварнæ ку нæ уа æма ’й зæрдиагæй ку нæ уарзонцæ, уæд исонибони не ’взагбæл ка финса, нæ национ газеттæ æма журналти ка коса, уæхæн нæмæ нæбал уодзæнæй, нæбал нæмæ уодзæнæй национ публицистикæ æма литературæ, аййевадæ... Нур дæр еци уавæр хъæбæр зæрдæдзоргæ ку æй, уæд исонибони ба куд уодзæнæй.

Уой фæдбæл цал æма цал хатти райгъустæй нæ интеллигенций рæстзæрдæдæр минæвæртти фæдеси гъæр. Зæгъæн, 1966 анзи ноябри мухури фæрæзнити фæззиндтæй фæдздзурд республики Президентмæ (уæд республики разамонæг утæ хундтæй), Парламентмæ, Хецауадæмæ, нæ еугур адæммæ дæр. Уоми утæ загъд адтæй:

*«Нæ фидтæлтæ æности дæргъи сæ еу къохи косæндзаумау хастонцæ, иннеми – тохæндзаумау, утемæй берæ фæлтæртæн багъæуай кодтонцæ ирон фарни хæзнатæ, аййев æвзаг, цъухæйдзоргæ гъæздуг исфæлдистадæ, уодварни хæрзтæ, кæдзос цæсгон æма æфсарæ. Уæди дзаманти нæдæр финсун зудтонцæ, нæдæр киунуги кæсун. Исæфти, цагъди кодтонцæ хæтгæ-хуæцгæнезтæй, знаги карди æма фати цæфтæй, æма уоййадæбæл Ири дзиллитæ цæйбæрцæ кунæгдæрмæ цудæнцæ, уойбæрцæ зæрдиагдæрæй ауодудтонцæ нæ адæми хæзнатæбæл, уойбæрцæ кæдзосдæрæй игъустæй ирон дзурд.*

*Абони ирæнттæ ахури уагæй цæйбæрцæ æнхæстдæр æнцæ сæ рагфидтæлтæй, уойбæрцæ минкъийдæр ауодунцæ фидтæлти бунтæбæл – хæзнатæбæл, æма уой фудæй цæмæти æрцудан, уони уинæн. Ирон адæми нимæдзæ нуртæккæ æй миллиони æмбесæй берæ фулдæр. Уонæй дзæвгарæ цæруй Уæрæсей алли кæрæнтти æма фæсарæнти, æма син, ка ’й зонуй, ести рæуонæ ес маддæлон æвзаг нæ зонунæн. Фал Иристони цæрæг ирæнттæн ба ци рæуонæ иссерæн?*

*Ахургæндти нимадмæ гæсгæ, нуртæккæ Иристони цæрæг ирон адæмæн айдагъ сæ аст проценти зонунцæ ирон æвзаг. Дзоргæ ибæл, ке зæгъун æй гъæуй, фулдæр адæм кæнунцæ, фал ахуради домæнтæмæ гæсгæ, æвзаг зонгутæ нимад æнцæ, кæсгæ æма финсгæ ибæл ка кæнуй, айдагъ етæ. Уæдта ’й фулдæр адæм зонгæ дæр куд гъæуама кæнонцæ, кæд æма ирæзгæ сабийти хæццæ дзубанди иронау нæдæр биййонти астæу фæууй, нæдæр сувæллæнтти рæвдауæндæнтти æма скъолати. Саугæнгæ ирон æвзаг æма литератури урокти дæр ахургæнгутæ архайунцæ сувæллæнтти хæццæ уруссагау дзорунбæл!*

*Республики фæсевæди комитет исаразта, дæс æма инсæй анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæн æригон финсгути конкурс. Архайдтонцæ си дууинсæй авторемæй фулдæр. Дзæвгарæ си разиндтæй журналти рауадзуни æма киунугутæмæ бахæссуни аккаг радзурдтæ æма æмдзæвгитæ. Айдагъдæр си еунæг дæр иронау финст нæй, утемæй ба автортæн сæ фулдæр ирæнттæ ’нцæ. Аци хабар бæлвурдæй дзорæг æй, нæ фæсевæд искурдиадæ гъæуагæ ке нæ ’нцæ, уобæл нæ, фал æвзаги кæуйнаг уавæрбæл.*


Уадзæ æма догæй - догæмæ, фæлтæрæй - фæлтæрмæ, цæрæд нæ маддæлон æвзаги гъомусадæ!

Каджати Вадими кондхузæ.

*Æ алли къахдзæф дæр хе уоди пайдайæн ка кæнуй, уæхæнттæ дзæвгарæ ес абони ирæнттæй, æма сæ койии аргъ дæр нæ ’нцæ, уомæн æма некæд лæдæрдтæнцæ ирон адæми уодигъæдæ, нæдæр æй балæдæрдзæнæнцæ. Етæ æргомæй фæззæгъунцæ: «Некебал раздахдзæнæй адæми сæ абони нæдтæй. Ке ма гъæуй ирон æвзаг ба?!.»*

*Æ тоги ма ирон гъомус кæмæн фицуй, уонæн ба цæрæн нæййес æнæ федæнбæл гъуди кæнгæй. Етæ гъæуама балæдæрун кæнонцæ сæ еузæрдиуон адæмæн абони катайаг уавæр.*

*«Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд адæмæн сæхецæн дæр æнæ рамæлæн нæййес», – финсуй Ири пахампар Абайти Васо.*

*Нуртæккæ дуйней адæмтæ дзорунцæ æхсæз мин æвзагебæл. Уонæй XXI æноси кæронмæ, ахургæндти нимадмæ гæсгæ, байзайдзæнæй айдагъ æхсæзсæдæ, иннетæ ратайдзæнæнцæ, фесæфдзæнæнцæ. Æвæдæй ка фесæфдзæнæй, еци æвзæгти халæ цæмæй ма рахуæрæн, уой туххæй æвæстеуатæй бакæнун гъæуй цалдæр гъуддаги...»*

Нæ финсгутæ сæ еци фæдздзурди ци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддæгути кой кæнунцæ, уонæбæл фæстæдæр бæлвурдæрæй дзордзинан, абони ба мæ фæндуй, маддæлон æвзаг аккаг хузи нæ цитгин кæнун æма ’й дæхецæй еуварс кæнун ци фæсмойнаг фæстеугутæ расайуй, уомæн ма еу æвдесæн æрхæссун. Дæс æма инсæй анзей размæ цæгатиристойнаг мухури фæрæзнити фæззиндтæй не ’мбæстон Турки цæрæг ирон лæг Сæбæтхъуати Рамазани уац, кæцими зæгъуй, абони дæр нин расагъæс кæнун кæбæл æнгъезуй, уæхæн гъудитæ. Е финста:

*«Æз дæн Турки ирæнттæй, нæ бæстæй бафтуйæг фидтæлтæн сæ фæндзæймаг фæлтæрæй. Нур ма зонæн нæ маддæлон æвзаг, уомæн æма мах, ирон адæм, нæ мадтæлти берæ уарзæн. «Цæмæн утæ зæгъис, æ мади ка нæ уарзуй?» – ку бафæрсайтæ, уæд дзуапп ратдзæнæн: берæ бæститæбæл фæззилдтæн æма фæуудтон, æ ниййерæги ка нæ уарзуй, æ мади хæдзарæмæ ка нæ уадзуй, уæхæн адæймæгути. Фал æз нæма фæуудтон æма нæ фегъустон – «Мæнæ аци ирон æ мади æ хæдзарæй ратардта!» – кенæ ба – «Æ мадæмæ нæ дзоруй!» Уой туххæй æма махæн нæ мадтæлтæ хъазар æнцæ. Ци нин байамонунцæ, уомæй нæ фулдæртæ нæ рахезунцæ, сæ дзурд син сæ къæхти буни нæ фæккæнунцæ.*

*Мадтæлти амонуйнæгтæй еу æй нæ маддæлон æвзаг, æма ’й цæмæн кæнæн нæ къæхти буни? Цæмæннæ ибæл дзорæн? «Културни» ан, æма уомæн. Мæнмæ гæсгæ, маддæлон æвзаг ка зонуй, ка ибæл дзоруй, културон етæ ’нцæ.*

*Кæмифæнди ку цæрæн, уæддæр махæн, ирæнттæн, нæ хъисмæт æй дууæ æвзагебæл дзорун: нæхе æвзаг æма, ци адæми ’хсæн цæрæн, еци адæми æвзаг зонун, æма ма никки – æндæр æвзæгтæ дæр. Иронау хуарз зонæ, инней – лæгъуз, кенæ иннæ æвзаг – хуарз зонæ, иронау – лæгъуз... Е – нæ! Кæд æма мах еци дууæ æвзагебæл кенæ фулдæр æвзæгтæбæл хуарз базонæн, уæд æз зæгъдзæнæн, културон ан, зæгъгæ.*

*Уæхæн æмбесонд уин радзорон. Мæнæ нæ фидтæлтæ Туркмæ ку цудæнцæ, уæд, куд зонетæ, утемæй кæсæг æма берæ æндæр кавказаг адæмихæттитæ дæр рафтудæнцæ уордæмæ. Уонæй адтæнцæ убыхты («убик»-тæ) дæр. Некебал си байзадæй Кавкази зæнхæбæл, уомæн æма сæ паддзах Никъала тæргæ кодта, Турки султан ба сæ – хонгæ. Турки ку æрцардæнцæ, уæд загътонцæ: «Мах талингæ адæм ан. Исуæн културон адæм». Фал – куд? Рагъуди кодтонцæ, æма сæмæ хуæздæр фæккастæй турккагау дзорун, сæхе маддæлон æвзагбæл ба нæбал дзорун. Цæруй си беретæ, фал хе æвзагбæл дзорæг ба нæбал байзадæй.*

*Мæнæн мæ бон нæй сумахæн зунд амонун, æз дæн æцæгæлон бæстаг. Мæнæ – мæ гъуди, мæнæ – ме ’мбесонд. Барæ – уæхе.*

*Мæ маддæлон æвзаг базудтон, фиццагидæр, мæ мадæй. Гъæуама ’й игъосгæ рацæуæн ниййерæгæй...»*

* * *

Уоййадæбæл бал фæууйнаг дæн нæ маддæлон æвзаги туххæй мæ абони дзубанди æма ’й идарддæр ба ма ракæнуйнаг дæн нæ газети хæстæгдæр номерти. Утæ мæмæ кæсуй, æма уæхæн дзубанди æнæмæнгæ гъæуй, уомæн æма маддæлон æвзаги фæдбæл гъуддæгутæ æзмæнтгутæ æма хилкъахгутæ æгæр усхъæз кæнун байдæдтонцæ, æма гъæуама лæдæрд уа, етæ сæ еци миутæй цæйбæрцæбæл знаггадæ хæссунцæ, е, уомæ гæсгæ ба син афойнадæбæл карз нихкъуæрд лæвæрд æрцæуа, цæмæй нæхе багъæуай кæнæн нæ медастæу æнæгъæугæ, æведауцæ хабæрттæй. Кæронбæттæни ба ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма нæмæ сумах дæр, нæ газеткæсгутæ, финсетæ уæ зæгъуйнæгтæ. Гъæугæ гъуддаг æмунаффæй арæзт цæуй...

**Номдзуд композитор, Уæрæсей æма Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Гуржибегти Николайи фурт Геуæргий (Заурбеги) райгурдбæл 2 мартъий æнхæст кæнуй еуæндæс æма фондзинсæй анзи (1910-1967).**

